



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 11YÈM PWOPOZISYON NAN DISKOU ETA LETA 2017 LAN: ENVESTISMAN 650 MILYON DOLA POU ALIMANTE KWASANS YON GWROUP SYANS LAVI KLAS MONDYAL NAN NEW YORK

Inisyativ Inovasyon an Ap Kreye Kapital, Sipò Operasyon ak Ensitasyon Taks ki Disponib pou Konpayi Syans Lavi yo pou Sipòte Kwasans Rechèch ak Devlopman

Pwojè 17 Milyon Dola a Ap Lanse JLABS @ NYC – yon Kolaborasyon Ant Johnson & Johnson Innovation ak New York Genome Center pou Sipòte Kwasans Solisyon Swen Sante yo epi Vann Rechèch nan Syans Lavi yo pou Ekonomi an Grandi

***Inisyativ la Apiye Wòl New York antanke yon Lidè Mondyal nan Atire Rechèch ak Teknoloji Dènye Kri
Plis Pase 4.2 Milyon Pye Kare Espas Inovasyon ak 2,038 Kawo Tè pou Teren ki Ka Devlope ki Disponib San Enpo nan 62 Kolèj ak Inivèsite nan Tout Eta a
Nouvo Pwogram yo Ap Ede Devlope Rechèch ak Talan Antrepreneryal ki Nesesè pou Kwasans Sektè Syans Lavi New York la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwochen etap itisyativ inovasyon 650 milyon dola li a pou ensite kwasans yon nouvo gwoup rechèch klas mondyal nan syans lavi nan New York – k ap ogmante kantite patenarya piblik prive yo.

pou favorize kreyasyon ide ak dekouvèt kapital nan syans lavi, eta a ap founi 17 milyon dola finansman kapital pou lanse JLABS @ NYC – yon kolaborasyon ant Johnson & Johnson Innovation ak New York Genome Center (NYGC) pou konstwi yon enkibatè 30,000 pye kare ki gen kapasite pou jiska 30 enstitisyon k ap demare nan syans lavi.

Nan kad gwo itisyativ syans lavi 650 milyon dola a, eta a ap ofri 250 milyon dola tou nan ensitasyon taks pou nouvo konpayi ak konpayi ki egziste deja ki nan syans lavi yo, 200 milyon dola kòm sibvansyon kapital eta a pou sipòte investisman nan laboratwa reyèl ak espas inovasyon, 100 milyon dola nan kapital investisman pou inisyativ syans lavi nan stad inisyal yo, ak yon pati anplis ki omwen 100 milyon dola pou sipò operasyon ki soti nan patenarya sektè prive yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Sektè syans lavi ki toujou ap evolye a, ap dekouvri solisyon a pwoblèm ki pi presan yo nan epòk nou an, k ap ede geri maladi epi sovi lavi toupatou nan mond lan. New York sou pwèn pou l vin yon lidè mondyal nan sektè sa, e nouvo enkibatè vital JLABS la se pral katalizè k ap pouse eta nou an sou sèn domèn pasyonan sa. Mwen enpasyon pou travay ak Johnson & Johnson ak New York Genome Center pou konstwi dinamis sa nan sektè syans lavi a epi etabli New York antanke fwaye dekouvèt k ap estimile ekonomi an epi kreye yon pi bon avni pou tout moun.”

Inisyativ JLABS @ NYC 17 Milyon Dola a

Nouvo enkibatè 30,000 pye kare a ap sitiye nan New York Genome Center nan Soho e l ap ouvri a konpayi ki travay nan biyoteknoloji, famasi, aparèy medikal ak sante gran piblik. Inisyativ la a founi espas laboratwa, ekipman ak teknoloji modèn, pou ankouraje rechèch ak inovasyon nan sektè syans lavi a epi devlope kapasite eta a pou komèsyalize rechèch sa epi fè ekonomi an pwogrese. Nan kad inisyativ la, Johnson & Johnson Innovation ap lanse yon konpetisyon pou rekrute konpayi k ap travay nan domèn biyoteknoloji, famasi, aparèy medikal ak sante gran piblik, epi bay moun ki genyen yo yon ane rezidans nan JLABS @ NYC.

Alex Gorsky, Prezidan e PDG Johnson & Johnson, te deklare: “Johnson & Johnson sezi opòtinite pou ouvri JLABS nan Vil New York pou sipòte ekosistèm inovasyon pwospè, nan syans lavi nan NY atravè efò kolaborasyon sa ant Eta New York ak New York Genome Center. Pandan plis pase 130 an, inovasyon se te eleman fondamantal efò Johnson & Johnson pou transfòme sektè swen sante a sou plan mondyal, e nou enpasyon pou travay ak inovatè nan tout rejyon New York yo pou fè l gen avni ki pi briyan posib pou pasyan toupatou nan lemond.”

Prezidan e Direktè Operasyon NYGC, Cheryl A. Moore te di: “New York Genome Center kontan anpil pou l yon asosye Johnson & Johnson Innovation, Gouvènè Cuomo ak Eta New York pou pote JLABS nan New York. JLABS sipòte savan ki gen talan nan New York yo k ap mete ide inovan yo sou mache a, ki sou menm liy ak misyon nou pou ankouraje kolaborasyon dinamik sou plan entelekyèl, k ap fè devlopman nouvo trètman, terapi ak devlopman terapeitik yo pwogrese pou konbat maladi imen. Inisyativ sa pa t ap posib san lidèchip Patenarya pou Vil New York (Partnership for New York City) ak Fon Patenarya Vil New York la (Partnership Fund for New York City). Nou rekonesan pou angajman tout patnè biznis ak akademik nou yo pou amelyorasyon enfrastrikti syans lavi yo nan New York.”

Syans Lavi

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn biyoteknoloji, famasetik, teknoloji biyomedikal, teknoloji sistèm lavi e enkli òganizasyon ak enstitisyon ki devwe majorite efò yo nan diferan stad rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Chak jou, konpayi nan sektè sa ap devlope nouvo dekouvèt medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, ke se pou nouvo terapi oubyen deteksyon maladi nan premye stad tankou otis ak kansè. Konpayi sa yo fè pwogrè ki enpòtan tou nan domèn biyoteknoloji agrikòl ak anviwònmanal, ki ede kreye yon avni ki pi pwòp e ki pi dirab.

Inisyativ syans lavi 650 milyon dola Gouvènè a genyen ladan l:

250 Milyon Dola nan Ensitasyon Taks pou Nouvo Konpayi Syans Lavi yo ak Konpayi ki Egziste k Ap Devlope Rechèch ak Devlopman yo

Pou fè konpetisyon pi byen ak lòt eta yo k ap chèche meyè talan rechèch syans lavi New York yo aktivman, eta a dwe atire plis kapital nan sektè sa depi nan kòmansman ak investisè pwovidansyèl yo, epi rann li pi atraktif pou nouvo antrepriz nan syans lavi ak antrepriz ki la deja yo pou lokalize, envante, komèsyalize epi pwodwi isit nan New York.

Sou pwogram Gouvènè a:

- Biznis nan syans lavi ki egziste yo ta ka elijib pou yon alokasyon 10 milyon dola chak ane nan kredi enpo Excelsior;
- Nouvo biznis nan syans lavi yo ta ka resevwa yon kredi enpo 15 pousan ranbousab sou tout nouvo depans rechèch ak devlopman ki admisib yo. Ti biznis nan sektè syans lavi yo ta ka kalifye pou yon kredi enpo 20 pousan.
- Investisè pwovidansyèl yo ta ka resevwa yon kredi 25 pousan sou investisman yo, ak yon maksimòm 250,000 dola pa investisè.

200 Milyon Dolan nan Finansman Kapital Eta epi Ofri Plis Pase 4.2 Pye Kare Espas ak 2,038 kawo Tè Eksplwatab ki Egzonere de Taks pou Akselere Inovasyon nan Syans Lavi

Inovasyon nan syans lavi ki egzije espas laboratwa, ekipman ak teknoloji modèn. Inisyativ Gouvènè a investi 200 milyon dola, sou dis an, pou sipòte bezwen kapital enstitisyon nan syans lavi yo, ki pozisyon laboratwa reyèl ak espas inovasyon New York yo pou yo vin plas kote teknoloji fiti a pran nesans.

Anplis, yo te site mank espas laboratwa abòdab epi ki apwopriye yo kòm yon baryè pou New York atenn potansyèl li nan syans lavi. Pou remède a pwoblèm sa, eta a ap rann plis pase 4.2 milyon pye kare espas inovasyon ak 2,038 kawo tè ki eksplwatab e ki egzonere de taks nan 62 kolèj ak inivèsite nan tout eta a. Disponiblite finansman, teren ak espas yo kreye yon opòtinite san parèy pou devlope aksè nan laboratwa reyèl, enfrastrikti ak lòt ekipman esansyèl pou rechèch, inovasyon ak devlopman nan syans lavi.

Founi 100 Milyon Dola nan Kapital Investisman pou Kòmansman Inisyativ Syans Lavi, ki Koresponn ak omwen 100 Milyon Dola ki Soti nan Sektè Prive a

Nan kad angajman New York pou kwasans sektè sa, eta a ap pwomèt 100 milyon dola pou plis kapital investisman pou debi antrepriz nan syans lavi a. Anplis, patenarya sektè prive yo ap pwomèt finansman ki koresponn pou investisman ak sipò operasyonèl, k ap fè total angajman an pase a 200 milyon dola.

Yon pati nan investisman sa ap enkli lansman yon nouvo konpetisyon sou syans lavi, ki

fasone sou 43North konpetisyon inovasyon reyisi nan Nò yo, k ap sipòte kwasans sektè sa a pi plis. Eta New York ap akeyi lansman yon konpetisyon 13 semèn, rejyonal chak trimès, kote antrepriz ki nan wout pou mennen lansman rechèch ak devlopman nan teknoloji emèjan yo ta ka fè konpedisyon pou finansman sibvansyon 25,000 dola. Tout moun ki genyen chak trimès yo ap fè konpetisyon answit pou pri 100,000 dola, lansman mechè biznis yo nan yon Konferans anyèl sou Syans Lavi k ap reyini mechè chèche yo, antrepriz komèsyal yo ak desidè politik yo ansanm pou fè estrateji sou nouvo etap pou kwasans agresif kontini nan sektè syans lavi a.

Devlope Rechèch ak Talan Antreprenè ki Nesesè pou Lansman ak Devlopman Biznis sou Syans Lavi

Aksè nan talan ak ekspètiz jesyon kontinye nesèsè pou antrepriz syans lavi k ap kòmanse yo reyisi. Pou devlope kwasans talan sa ki baze nan New York, Gouvènè Cuomo ap etabli pwogram ak patenarya k ap atire chèche wo nivo pou travay nan sant akademik nou an ak lekòl medsin yo nan dènye inovasyon sou syans lavi nou yo. Sa yo enkli:

- Pwogram Staj nan Syans Lavi k ap enfluyans rezo sant akademik piblik/privè New York la pou fasilite plasman etidyan--oubyen sa ki fèk gradye--ki enskri nan yon domèn etid syans lavi nan yon kolèj oubyen inivèsite ki sitiye nan New York nan staj peye ki gen yon patenarya ak konpayi nan syans lavi.
- Yon pwogram rekritman chèche nan syans lavi, k ap travay ak kolèj medikal akademik nou an ak lòt pwogram akademik pou atire mechè chèche nan syans lavi yo.
- Tablewond Konsiltatif Antreprenè nan Syans Lavi (Entrepreneurial Advisory Panels in Life Sciences) k ap koresponn ak antreprenè ak inovatè ak yon panèl konseye k ap ede oryante yo nan desizyon biznis yo, ogmante chans siksè yo ak devlopman nouvo antrepriz nan Eta New York.
- Patenarya ak Pwogram Rechèch Klinik Eta a (Empire Clinical Research Investigator Program) ki jere pa Ministè Sante Eta New York (New York State Department of Health) la ki founi plis pase 8.5 milyon dola chak ane pou ansèyman nan lopital k ap fòme doktè kòm chèche klinik pou fè rechèch nan syans lavi yo pwogrese nan New York pou atire epi konsève mechè chèche nan syans lavi yo.

Enfòmasyon sou New York Genome Center

New York Genome Center (NYGC) se yon òganizasyon ki pa pou pwofi ki sou pwen pou transfòme rechèch biyomedikal ak swen klinik. Li Afilye ak lidè akademik, medikal ak endistriyel de renome atravè Vil ak rejyon an, NYGC santre sou tradiksyon rechèch jenomik an solisyon klinik pou maladi grav. manm òganizasyon ak patnè li yo ini nan kolaborasyon teknoloji, syans ak medsin san presedan sa, pou eksplwate pouvwa inovasyon ak dekouvèt pou amelyore lavi moun. Manm enstitisyon yo se: Albert Einstein College of Medicine, American Museum of Natural History, Cold Spring Harbor Laboratory, Columbia University, Cornell University/Weill Cornell Medicine, Hospital for Special Surgery, The Jackson Laboratory, Memorial Sloan Kettering Cancer Center,

Icahn School of Medicine at Mount Sinai, New York Presbyterian Hospital, The New York Stem Cell Foundation, New York University, Northwell Health (ki te rele North Shore-LIJ, anvan), Princeton University, Rockefeller University, Roswell Park Cancer Institute, Stony Brook University ak IBM.

Enfòmasyon sou Johnson & Johnson Innovation

Johnson & Johnson Innovation LLC santre sou akselerasyon inovasyon nan tout nivo toupatou nan lemond ak fòmasyon kolaborasyon ant antreprenè ak biznis nan swen sante mondyal Johnson & Johnson. Johnson & Johnson Innovation founi savan, antreprenè ak konpayi k ap emèje yo aksè san rete a ekspè nan syans ak teknoloji ki ka fasilite kolaborasyon yo ak konpayi famasetik, aparèy medikal ak konpayi gran piblik Johnson & Johnson yo. Sou responsablite biznis Johnson & Johnson Innovation yo, nou konekte ak inovatè yo atravè Sant Inovasyon rejyonal nou yo; Johnson & Johnson Innovation /JLABS; Johnson & Johnson Innovation – JJDC, Inc.; JLINX; ak ekip devlopman komèsyal nou an pou kreye kontra pèsonalize ak nouvo kolaborasyon k ap akselere devlopman ak inovasyon pou rezoud bezwen ki pa satisfè kay pasyan yo. JLABS founi laboratwa, ekspètiz, edikasyon, zouti ak resous ki nesèsè pou ede konpayi k ap demare nan syans lavi yo pwospere, san pa gen fil ki mare yo. Gen yon Sant Inovasyon Johnson & Johnson pou Inovasyon Aparèy (Johnson & Johnson Innovation Center for Device) nan Texas Medical Center (CDI @ TMC), ki te etabli pou akselere devlopman aparèy medikal. Pou plis enfòmasyon konsènan Johnson & Johnson Innovation, tanpri, ale sou: www.jnjinnovation.com.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418